

TRAVAYÈ MIGRAN YO

DWA AK DEVWA



uah / Facultad de Economía y Negocios
Universidad Alberto Hurtado
uah / Facultad de Derecho
Universidad Alberto Hurtado



CHILE LO
HACEMOS
TODOS



**KISA KI SE
DWA'M AK
DEVWA'M KÒM
TRAVAYÈ SI
MWEN IMIGRE
NAN CHILI?**



PREMYE BAGAY OU DWE KONNEN:

SE pa tout moun ki imigre nan Chili ki gen dwa pou travay.
Pou kapab travay ou bezwen respekte youn nan dos egzijans sa yo:

A) GENYEN YON REZIDANS DEFINITIV.

B) GENYEN YON VIZA KI PÈMET OU TRAVAY.

KI TIP DE VIZA SA YO KI PÈMET NOU TRAVAY?

A) VIZA SIJÈ KONTRA

B) VIZA TAMPORÈ

C) VIZA ETIDYAN AVÈK OTORIZASYON POU TRAVAY

D) VIZA TRIPILASYON

An nou wè kèk detay sou chak viza sa yo ->



**VIZA SIJÈ
KONTRA**

Viza sa, se yon pèmi ke yo bay a sitwayèn etranje yo ki wwayaje nan Chili, ki gen objektif pou travay. Yo kapab baw viza sa pandan ou nan peyi etranje toujou, anvan'w wwayaje oswa lè ou rantre nan peyi Chili ak motif pou rete nan peyi a nan ede pou travay.

Yo kapab baw pèmi sa pou yon **DIRE MAKSIMÒM JISKA 2 ZAN** epi lap kapab pwolonje pou yon peyòd ki egal a sa.

¡ATANSYON! Sa pèmèt yo bay viza ak mari'w oswa madanm ou, papa ak piti ansanm oubyen youn nan yo, men moun sa yo dwe toujou ap viv sou kont moun **KI GEN VIZA PRENSIPAL LA. MOUN SA YO KI JWENN BENFIS SA KI DEPANN DE MOUN PRENSIPAL LA KI GEN VIZA A, YO PA ABILITE POU YO REYALIZE OKENN AKTIVITE LABORAL NAN PEYI A.**

Viza sa ap **EKSPIRE DEPI NAN MOMAN KE YO METE FEN NAN RELASYON KONTRAKTYÈL LA** pou nenpòt nan pati yo (Travayè a oswa patron an). Etranje sa gen **180 JOU POU PREZANTE YON NOUVO DEMAND REZIDANS**, ansanm avek finikito a, ki dwe legalize y ratifye pa toulède moun yo devan yon notè, ak yon nouvo kontra travay. **SI MOUN NAN PA RESPEKTE SA NOU DI YO ANVAN SA LAP KOMÈT YON ENFRAKSYON AK NÒNM LEGAL KI AN VIGÈ A.**



VIZA TAMPORÈ

Viza sa, yo bay li ak etranje ki montre ke yo **GENYEN YON LYEN FAMILYAL OSWA ENTERÈ NAN PEYI A KOTE KE REZIDANS SA JIJE ITIL AK PRATIK.**

Viza sa pèmèt ou **REYALIZE NAN CHILI NENPÒT AKTIVITE**, san plis limitasyon ke sa lalwa etabli. Viza sa ekspire nan yon peryòd de **MAKSIMÒN YON LANE, KI RENOUVLAB JISKASKE OU KONPLETE 2 ZAN**, lè viza sa pran fen etranje sa pral fè demand rezidans definitif la oswa li abandone peyi a.

Yo kapab bay viza sa tout ak lòt manb nan fanmi moun ki fè demand lan, , tankou mari oubyen madanm, papa oswa pitit ansanm oubyen youn nan yo, **NAN KONDISYON DEPANDANS VIZA SA, MOUN SA YO PAP KA REYALIZE LABORAL** nan peyi a.



VIZA ETIDYAN AVÈK OTORIZASYON POU TRAVAY

Viza sa, yo bay li ak etranje ki wwayaje nan chili pou etidye. Nan tèm jeneral, li **SÈLMAN OTORIZE POU REYALIZE ETID PÈTINAN**, sa vle di, sa **PA BAL OTORIZASYON POU DEVLOPE Lòt AKTIVITE NAN PEYIA**, pa egzamp travay, **VIZA APWOLONJE POU YON DIRE MAKSIMÒNM DE YON LANE** renouvlab jiskaske etid sila complete, sof nan ka etidyan ki gen **BOUS YO**, kote ke yo ka otorize yo, **SÈLMAN POU DIRE BOUS SILA**. Sepandan, **FOK GEN YON REZON KONSISTAN**, pou fe **DEMAND SILA**- avèk pwopozisyon kontra travay la patron an-pou ka jwenn esepsyon Departamento de Extranjería pou kapab travay anplis etidye.



VIZA TRIPILASYON

Sa, se yon viza espesyal ke yo bay a etranje manb ekipaj yo, avyon yo, oswa machin transpò terès yo, oswa antrepriz fewovye ki dedye yo ak transpò entènasyonal pou moun oswa pou Kago. Konsa tou, asignasyon travayè kap travay nan avyon kap reyalize transpò kago ant pò nasyonal yo epi ak manb ki gen asignasyon zouti avyon yo, avyon espesyal kap opere nan dlo teritoryal yo.

**¡ATANSYON! TOUT DETAY SOU CHAK PWOSESIS SA YO, OU KAPAB JWENN LI SOU LINK SA:
[HTTPS://WWW.EXTRANJERIA.GOB.CL/TRABAJAR-EN-CHILE/](https://www.extranjeria.gob.cl/trabajar-en-chile/)**



**MEN, KISA KAP PASE SI
MWEN ANTRE CHILI AK
YON VIZA TOURIS EPI YO
OFRIM YON TRAVAY?**



Pou sa egziste yon pwosesis ki genyen etap sa yo:

- A)** Patron an dwe prezante yon òf travay ansanm ak yon demand viza pou travay nan DEPARTAMENTO DE EXTRANJERÍA Y MIGRACIÓN (DEM)
- B)** Lèw resewa postilasyon an, DEM kapab apwouve oswa refize pèmi viza moun sila oubyen mande plis enfòmasyon ak moun kap postile a.
- C)** Dèke moun nan jwenn pèmi an, li kapab kòmanse travay nan antrepriz la, menm si viza a an pwosesis, men patron an dwe kòmanse respekte pèyman kotizasyon yo.

**ALÒ PRENSIPAL DEVWA KE NENPÒT ENTRANJE KAP VIV CHILI DWE GENYEN SÈ KE LI
DWE TRAVAY ANDAN NÒNM SA LALWA DI KONSA POUL KAPAB GENYEN PÈMI KE YO
MANDE KI VALIDE POUL KAPAB TRAVAY.**



E SI MW SE ETRANJE, MWEN RESPEKTE TOUT EGZIJANS LEGAL YO, KI DWA MWEN GENYEN?

Prensip jiridik nan chili di, ke nan moman ke yon etranje ap travay legalman, **LI GENYEN MENM DWA** ak yon travayè / ki genyen nasyonalite chilyèn.

Sa ki pi empòtan yo se:

1. GENYEN YON KONTRA TRAVAY

2. GENYEN POZ

3. GENYEN DWA A LISANS MEDIKAL

**4. KE PATRON AN RESPEKTE OBLIGASYON POU FÈ DISKONT POU PEYE
SEGURIDAD SOSYAL YO.**

KISA DISKONT POU SEKIRITE SOSYAL SA YO YE ?


Nan Chili nou genyen 4 pilye ki finansye oubyen nan reminerasyon travayè a oswa pa patron an, yo se:

A) SANTE: Si ou nan sistèm piblik la (FONASA) yap fè diskont de 7% nan reminerasyon ou chak mwa. Konsa tou ou gen DWA pou gen kontra nan sante prive (ISAPRE) men diskont sila depann ki tip DE PLAN ou vle genyen.

B) PANSYON YO: Pou finansye fiti pansyon yo, yap fè diskont de 10% nan reminerasyon travayè a chak mwa, ki pral nan administratè prive fon pansyon yo administradora privada de fondos de pensiones (AFP)

C) ASIRANS CHOMAJ: Li pèmet ou retire yon kantite lajan lè ou nan chomaj. Asirans sa li finansye nan moman kontra travay ant patron an ak travayè a. Si ou gen yon kontra endefini, nan reminerasyon paw la yap retire 0,6% epi patron an ap peye 2,4%. Men si genyen yon kontra a tèm fiks yap retire nan sueldo a 0% epi patron an ap peye 2,8%.

D) SEGURO DE ACCIDENTES: Asirans sa ede pou kouvri maladi laboral yo ak aksidan nan travay yo oswa aksidan nan trajè travay la. Kotizasyon basik pou sa se 0,93% nan reminerasyon w nan.



**¡ATANSYON ! POU NENPÒT DOUT OU KAPAB TOUJOU ALE NAN DIREKSYON TRAVAY.
KONSA TOU NOU KAPAB KONSILTE PAJ SA KI SE
[HTTPS://WWW.DT.GOB.CL/](https://www.dt.gob.cl/)**



**CHILE LO
HACEMOS
TODOS**

uah / Facultad de Economía y Negocios
Universidad Alberto Hurtado
uah / Facultad de Derecho
Universidad Alberto Hurtado